



## Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650  
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of  
THE BISHOP

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

6 Me 2023

Chè sè ak frè nan Kris la:

Nan fen semèn kap vini an, yon koleksyon espesyal pou Kanpay Kominikasyon Katolik pral pran nan dyosèz nou an. Yon pati nan koleksyon CCC a pral sipòte efò kominikasyon nasyonal Evèk Etazini yo, pandan ke yon pati nan li pral finanse pwojè kominikasyon entèaktif dyosèz nou an, tankou Lanmès Katolik Televize chak semèn, Florida Katolik, prezans vibran socio media nan Dyosèz la, ak sit entènèt la Ki se: ([www.DiocesePB.org](http://www.DiocesePB.org)).

Nan mesaj li pou ane sa a nan 57èm Jounen Mondyal Kominikasyon an, Pap Franswa pale sou bezwen ijan Legliz la pou “kominikasyon ki chofe kè, ki se pansman sou blezi epi ki klere kom yon limyè sou vwayaj frè ak sè nou yo. Mwen reve yon kominikasyon eklezyal ki konnen ki jan pou l kite tèt li gide pa Lespri Sen an, dosil e an menm tan pwofetik, ki konnen ki jan pou l jwenn nouvo chemen ak mwayen pou bèl pwoklamasyon li te rele pou l delivre nan twazyèm milènè a.” Kontribisyon w yo ap ede fè sa posib.

Koleksyon espesyal 13/14 Me a pral sipòte tou Inivèsite Katolik of America ki se inivèsite nasyonal Evèk Etazini yo nan Washington D.C. Etabli an 1887, li se sèl enstitisyon ansèyman siperyè Ozetazini ki te fonde pa evèk nou yo epi akredite pa Vatikan.

Avèk rekonesans pou jenewozite w kap kontinye epi tout volonte lapriyè m, se mwen menm

Sensèman nan Kris la,

Monsenyè Gerald M. Barbarito  
Evèk Palm Beach